

Preparasyon Pou Premye Randevou Prenatal Ou



1. Moun k ap ede w la

Yon manm fanmi, yon patnè, oswa yon zanmi ka poze kesyon, koute, e ofri sipò nan premye vizit sa a. Kiyès ki t ap yon bon moun pou w mande?

2. Prepare tèren an

Anplis de istwa medikal ou, doktè a ap vle konnen w pi byen. Ou ka prepare tèren an lè w di l nenpòt santiman, eksperyans, oswa enkyetid ki gendwa afekte swen prenatal ou. Sa se se bagay ki pap ekri nan dosye w, men ki ka ede doktè w la konprann ou. Gade si w abitye ak nenpòt nan bagay sa yo ak si yo merite pou w pataje. Mete yon tchèk devan pawòl ki aplikab nan ka pa w yo. Mete yon etwal devan bagay ou ta renmen pataje ak doktè w.

- ☐ Mwen fristre akòz ansyen eksperyans mwen te fè ak kominote medikal la.
- ☐ Mwen te sibi rasis nan kesyon swen sante anvan sa.
- ☐ Mwen enkyete pou frè medikal yo.
- ☐ Mwen pè ale nan randevouyo paske _____.
- ☐ Mwen enkyete pou sekirite m ak sekirite bebe m nan.
- ☐ Mwen pa fin konnen ki jan pou m jwenn aksè ak resous ak sipò.
- ☐ Mwen santi m timid pou m pataje enfòmasyon ki anbarasan.
- ☐ Mwen twouve l difisil pou m pale pou tèt mwen.
- ☐ Mwen pa tèlman renmen mande èd nan yon kontèks estriktire (pa egzanp: an gwoup oswa nan klas).

Èske gen lòt bagay? Ekri kèk nòt pi ba a:

3. Planifye kesyon w ap poze yo

Men kèk kesyon ou ta ka vle poze. Itilize sijesyon sa yo kòm yon kòmansman pou w ka vini ak kesyon k ap bon pou ou yo.

- Ki medikaman ak sipleman mwen ka kontinye pran?
- Ki orè randevou yo?
- Èske klinik oswa kabinè w la ofri konsiltasyon a distans pou kèk nan randevou yo?
- Èske se ou sèlman m ap gen pou m wè oswa plizyè lòt doktè?
- Mwen te li kote yo di moun Nwa yo gen 3 fwa plis risk mouri akòz pwoblèm gwosès lakoz. Ki jan nou ka travay ansanm pou m pa tonbe nan kategori sa?
 - Kisa w ka fè? Ki sa klinik oswa kabinè w la ap fè?
 - Kisa èske mwen kapab fè?
- Mwen te li kote yo di aspirin bebe ka diminye risk konplikasyon nan akouchman tankou preeklamsi ak akouchman anvan tè. Èske w panse sa ka ede m? Si se wi, ki lè m ta dwe kòmanse e konbyen m ta dwe pran?
- Ki sa w panse de kontwòl tansyon ak pwa m poukont mwen lakay mwen?
- Èske w ka ede m jwenn yon aparèy pou m kontwòl tansyon epi ede m aprann sèvi avè l?
- Èske klinik ou an ofri nenpòt kou edikasyon prenatal, gwoup sipò, oswa swen prenatal?
- Si ou te nan plas mwen, ki lòt kesyon ou t ap poze kounye a?

Ekri nenpòt lòt kesyon pi ba a:

4. Si randevou w la pa byen pase

Si w santi yo pa vle tande w oswa konprann ou nan yon randevou, pale sou sa. Se yon bagay zanmi w oswa yon moun ou renmen ka ede w fè tou. Sa ou ka di:

- Èske w ka repete sa w sot di a? *Remak: Kesyon sa ba w yon chans pou asire w ou te tandè doktè a byen e anmenmtan li pèmèt doktè a repete sa l sot di a.*
- Èske nou ka fè yon poz? M toujou gen kesyon ki poko jwenn repons.
- Èske w ka esplike sa k fè w poze m kesyon sa?
- Se kòmsi m santi w pap koute m. Èske nou ka eseye ankò?

REMAK

Si ou menm ak doktè w la pa kadre youn ak lòt, pou nenpòt rezon an, li nòmal pou w chèche yon lòt opsyon. Doktè w la pap fache si w chanje l. Kontakte responsab swen w lan e mande èd pou w ka jwenn yon lòt doktè.